

20 fevriye 2018

Lekòl Piblik Collier County ansanm ak ajan Fòs de Lòd nan Collier County lanse yon kanpay pou garanti sekirite vi ak byen tout moun, e kanpay sa a pote non "Si Ou Wè yon Bagay? Di Sa Ou Wè a! Pa Gaye Nouvèl la, Rapòte li"

Se zafè tout moun pou kenbe Lekòl Piblik Collier County an sekirite. Move enfòmasyon ki ap sikile sou medya sosyal oswa rimè ki ap sikile sou entènèt kapab simaye plis laterè oubyen enkyetid. **PA GAYE NOUVÈL LA, RAPÒTE LI!**

Nou bezwen pou elèv, manb pèsònèl, paran, ak manb kominote yo rete vijilan pou idantifye nenpòt menas potansyèl ki ta kapab antrave sekirite lekòl yo. Nan efò nou ap fè pou trete san pèdi tan aktivite ki sispèk yo, nou lanse yon inisyativ ki pote non **"AN NOU KENBE COLLIER AN SEKIRITE"**.

Si ou wè yon bagay ki parèt sispèk an pèsòn oswa sou entènèt, keseswa se yon bagay ki ekri oubyen yon bagay yon moun di, pa pè di yon bagay. Sa ki pi enpòtan an, si ou wè yon bagay ki konsène ou oubyen ki ta sanble yon posib menas pou sisite vyolans nan lekòl la, ou gen responsablite pou rapòte sa. Pa gen enkyetid ki twò piti.

Sou sit entènèt **"KENBE COLLIER AN SEKIRITE"** Lekòl Piblik Collier County yo (www.collierschools.com/keepcolliersafe), ou kapab klike sou bouton ki make RAPÒTE LI a pou voye enfòmasyon w la dirèkteman bay fòs de lòd yo. Epitou ou ap jwenn videyo ki genyen 10 konsèy pou paran sou jan yo kapab kenbe pitit yo an sekirite sou medya sosyal, ak 7 konsèy pou elèv yo ka rete anba pwoteksyon sou medya sosyal yo. Nou mete tou yon seksyon ki enkli resous pou ede ou pale avèk pitit ou sou vyolans.

Paran, tanpri verifye tout bagay pitit ou ap pote lekòl la epi pote siveyans sou kominikasyon yo ap fè ak sou kont medya sosyal yo (pa egzanp: Snapchat, Instagram, Twitter, Facebook).

Meyè defans kont vyolans nan lekòl se kontinye fè konsyantizasyon mache epi fè tout moun obsève vijilans. **Si Ou Wè yon Bagay? Di Sa Ou Wè a! Pa Gaye Nouvèl la, Rapòte li!**

Mèsi anpil.

Kamela Patton, Ph.D.
Sipèentandan Lekòl yo